



Fanmi Ou Ka Kalifye pou **SNAP**



**Eta New York fè li pi vin pi fasil
pou w jwenn Avantaj SNAP.**

Sèl fason pou konnen si w kalifye se pou aplike.



myBenefits.ny.gov bay
enfòmasyon sou:

- SNAP
- Asistans Pwovizwa
- Kredi Espesyal sou Taks
- Asistans pou Enèji nan Kay
- Asistans pou Diminye Depans Enèji
- Plizyè Kalite Pwogram Asirans ak
- Anpil lòt pwogram

**SNAP bay klas gratis sou nitrisyon
nan Eat Smart New York.**

Ale nan sitwèb **otda.ny.gov/programs/
nutrition** pou aprann kijan ou kapab:

- Achte plis manje fòtifyan avèk mwens lajan
- Prepare repa rapid, fasil ak an sante
- Kwit ak prepare manje san pwoblèm
- Fè egzèsis fizik epi pran plezi w!

*Tcheke si ou kalifye pou plizyè kalite
avantaj, epi aplike pou SNAP nan*

myBenefits.ny.gov

Pou jwenn plis enfòmasyon

800-342-3009

Enstitisyon sa se yon founisè opòtinite egal.



**Office of Temporary
and Disability Assistance**

otda.ny.gov



Sipò an Nitrisyon pou Fanmi Ou



SNAP
Supplemental Nutrition
Assistance Program

Yon Pwogram Biwo Asistans Tanporè ak Dezabilite

Èske Ou Gen Pwoblèm pou Bay Fanmi Ou Manje? SNAP Kapab Ede Ou Achte Manje ki Fòtifyan



New York fè li fasil pou aplike pou SNAP:

- Ou ka aplike sou Entènèt nan **myBenefits.ny.gov**
- Ou kapab aplike nan sèvis lapòs, nan faks, oswa an pèsòn nan Depatman Sèvis Sosyal zòn ou oswa nan Sant Administrasyon Resous Imèn Vil New York - **Rele 800-342-3009** pou biwo ki toupre ou
- Yo ka fè entèvyou aplikasyon w lan nan telefòn
- Ou pa gen pou pran tan konje nan travay ou pou aplike pou avantaj SNAP
- Ou ka kalifye menmsi ou posede yon kay ak/oswa yon vwati, menmsi ou gen lajan labank, oswa menmsi w ap viv avèk lòt moun

Sen lejann Komen SNAP

Lejann: “Ou pa kapab resevwa avantaj SNAP si w ap travay.”

Laverite: Ou ka travay epi ou ka toujou kalifye pou avantaj SNAP.

Lejann: “SNAP se yon pwogram asistans sosyal.”

Laverite: Pifò moun k ap resevwa avantaj SNAP se granmoun aje, timoun ak moun k ap travay. SNAP se yon pwogram manje ki ede moun achte manje ki bon pou sante lè yo pa gen ase lajan.

Lejann: “Lòt moun bezwen avantaj SNAP plis pase jan mwen bezwen l.”

Laverite: Si w ap resevwa avantaj SNAP, ou p ap pran avantaj lòt moun. Tout moun ki aplike epi yo detèmine ki kalifye ap resevwa avantaj SNAP.

Lejann: “Si w ap resevwa avantaj SNAP sa p ap elimine chans pou vin yon sitwayen ameriken.”

Laverite: Non! Avantaj SNAP pa afekte aplikasyon ou pou vin yon sitwayen ameriken oswa desizyon Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon (USCIS) sou kondisyon imigrasyon ou.



myBenefits.ny.gov
“li pi fasil”